



# INISYASYON SÈVIS

## **PATI I KONSANTMAN RELASYON ANT KLIYAN AK FOUNISÈ**

Non Kliyan an: \_

Non Ajans lan: \_

Adrès Ajans lan: \_

Mwen bay konsantman pou antre nan yon relasyon kliyan ak founisè. Mwen otorize ekip Depatman Sante ak reprezantan yo pou yo bay swen sante woutin. Mwen konprann swen sante woutin yo konfidansyèl epi se sèlman si mwen vle mwen bezwen patisipe. Epitou, li ka gen vizit medikal tankou dosye medikal, evalyasyon, egzamen, bay medikaman, tès laboratwa ak/oswa ti pwosedi piti. Mwen ka sispann relasyon sa a nenpòt kilè.

## **PATI II KONSANTMAN POU PATAJE ENFÒMASYON (tretman, peman oswa operasyon swen sante sèlman)**

Mwen dakò pou yo itilize ak pataje enfòmasyon sou sante mwen; ki gen ladan swen medikal, swen pou dan, VIH / SIDA, MST, TB, prevansyon abi sibstans, sikyatrik / sikolojik, ak jesyon dosye; pou tretman, peman ak operasyon swen sante.

## **PATI III SÈTIFIKASYON PASYAN MEDICARE, OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON AK DEMANN POU PEMAN (Aplike sèlman pou Kliyan Medicare yo)**

Kòm Kliyan / Reprezantan ki siyen anba a, mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon pou peman dapre Tit XVIII Lwa Sekirite Sosyal la kòrèk. Mwen otorize ajans ki endike anwo a pou pataje enfòmasyon sou sante mwen bay Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa entèmedyè / konpayi asirans li yo pou reklamasyon Medicare sa a oswa yon lòt ki gen rapò ak li. Mwen mande pou fè peman pou avantaj ki otorize pou mwen. Mwen transfere avantaj pou peye sèvis doktè bay ajans non li anwo a ak pou otorize li pou soumèt yon reklamasyon bay Medicare pou peman.

## **PATI IV TRANSFÈ AVANTAJ (Aplikab sèlman pou Peyè Tyè Pati)**

Kòm Kliyan / Reprezantan ki siyen anba a, mwen bay ajans ki endike anwo a tout avantaj yo bay nan nenpòt plan swen sante oswa règleman depans medikal. Montan avantaj sa yo pa dwe depase chaj depans medikal ki make nan tablo frè ki apwouve a. Tout peman dapre paragraf sa a dwe fèt pou ajans ki anwo a. Mwen pèsònèlman responsab pou chaj ki pa garanti nan transfè sa a.

## **PATI V POU KOLEKTE, ITILIZE, OSWA BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL**

(Yo bay avi sa a dapre Seksyon 119.071 (5) (a), Lwa Florida yo.)

Pou pwogram swen sante yo, Depatman Sante Florida ka pran nimewo sekirite sosyal ou pou idantifikasyon ak pou bay bòdwo, jan sa otorize nan sou-seksyon 119.071 (5) (a) 2.a. ak 119.071 (5) (a) 6, Lwa Florida yo. Depi ou siyen anba a, mwen dakò pou yo kolekte, itilize oswa bay nimewo sekirite sosyal mwen pou rezon idantifikasyon ak faktirasyon sèlman. Yo pa pral itilize l pou nenpòt ki lòt rezon. Mwen konprann Depatman Sante oblije pran nimewo sekirite sosyal yo pou fè travay yo ak responsabilite yo lalwa egzije.

## **PATI VI SIYATI MWEN ANBA LA A VERIFYE ENFÒMASYON YO KI ANWO A EPI LI ENDIKE MWEN TE RESEVWA AVI KONSÈNAN DWA KONFIDANSYALITE YO**

\_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan / Reprezantan

\_\_\_\_\_  
Kliyan an menm oswa Relasyon ak Kliyan an

\_\_\_\_\_  
Dat la

\_\_\_\_\_  
Temwen (pa obligatwa)

\_\_\_\_\_  
Dat

## **PATI VII POU ANILE KONSANTMAN AN**

Mwen, \_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan / Reprezantan

ANILE KONSANTMAN SA A, kòmanse\_

Dat la

\_\_\_\_\_  
Temwen (pa obligatwa)

\_\_\_\_\_  
Dat

Non Kliyan an: \_

\_\_\_\_\_  
ID #: \_

Orijinal pou mete nan dosye; Kopi pou kliyan

Dat nesans: \_